

Mèkredi 1 Avril 2020

Mizajou sou Kowonaviris COVID-19

Vil Malden, Massachusetts



W ap jwenn sa a ak lòt mizajou nan: cityofmalden.org/coronavirusupdates

Mizajou sou Malden

- Yo fèmen tout pak piblik pou tout aktivite jiska nouvèlòd. Sa gen ladan l teren yo, teren baskèt yo, teren tenis yo, lakou rekreyatif, pak pou chen, ak jaden kominotè.
- Biznis ki pa esansyèl you toujou rete fèmen.
- Yo pap vin chèche bwat resiklaj wòz yo bò lari a jiska nouvèlòd.

Mizajou sou Eta a ak Peyi a

- Prezidan Trump fè yon [Deklarasyon Gwo Dezaz](#) pou Massachusetts.
- Gouvènè Baker [fè biznis ki pa esansyèl yo rete fèmen pandan plis tan, jiska 4 me](#)
- Yo fè yon nouvo [verifikasyon senptòm](#) pou COVID-19.
- Avoka Jeneral la mande nou siveye si gen mache nwa k ap fèt epi pou n [rapòte sa](#) si nou wè l.
- Yo pwolonje delè pou moun depoze enpo sou revni yo jiska 15 jiyè.

Mizajou sou Sèvis Vil la Ofri yo

- Tout Etablisman Vil yo rete fèmen pou piblik la, men yo ouvri pandan lè biznis pou apèl telefòn ak imèl. **Tanpri, rele 781-397-7000.**
- Tanpri, al gade [paj Eta Sèvis Vil](#) nou an pou w jwenn yon lis tout Depatman Vil la genyen yo ak sèvis yo ofri yo. Pandan sèvis yo vin chanje, n ap fè mizajou nan [paj sa a](#).
- Biwo Trezorye a enstale yon bwat sekirize andeyò 110 Pleasant Street pou resevwa peman.
- Moun ka peye anpil bodwo anliy grasa [paj Peye Bodwo Anliy nou an](#).

Moun nan Malden
ki gen Viris la
Apati 31 Mas 2020

Teste e Konfime (nan izòlman)	75
Moun an Karantèn	85
Moun Y ap Siveye	160
Moun ki Mouri	0

Rete Branche epi Fè yo Avize w


-Enskri pou yo voye anons ba w nan imèl oswa mesaj tèks.

-Enskri nan [CodeRED](#) pou w jwenn anons nan telefòn ak SMS.

-Mass.gov ap voye anons nan SMS pou w si w voye "COVIDMA" nan 888-777

-Enfòmasyon sou MA: Rele nan 2-1-1

SUIV SOU REZO SOSYO



Mizajou pou Malden sou Kowonaviris - 1 Avril 2020

Mizajou sou Malden Public Schools

Gouvènè Baker anonse lekòl pral fèmen jiska omwen 4 me. Siveyan Jeneral John Oteri fè konnen Malden Public Schools (MPS) ap devlope yon fason pou aprann a distans e li swete l ap ka antre an fonksyon lendi 6 avril. Annatandan, MPS [te kreye yon resous](#) pou ede elèv yo aprann pandan yo lakay yo.

Epitou, MPS te kòmanse distribye Chromebook jou ki te jedi 2 avril nan lekòl Ferryway School la pou fanmi ki pa gen aksè ak yon òdinatè. Gen yon [Fòmilè Demann](#) ki disponib nan www.maldenps.org. Nenpòt aparèy ka aksede l, san wete telefòn entelijan. Chak fanmi ka jwenn yon Chromebook pou pi plis.

MPS kontinye bay manje maten ak manje midi gratis ant lendi ak vandredi. Manje yo disponib pou nenpòt elèv Malden ant 10 è AM ak 1 è PM nan Salemwood School ak Malden High School. Gen posiblite pou moun pran manje san yo pa desann machin yo, yon fason pou limite kontak ki fèt.

Mizajou sou Biznis Malden yo

Anpil nan biznis Malden yo touche akòz lòd Gouvènè Charlie Baker te pase a ki mande pou yo fèmen tout biznis ki pa esansyèl. Lòd ijans sa a mande pou tout biznis ak òganizasyon ki pa bay "Sèvis ki Esansyèl pou COVID-19" fèmen lye fizik travay yo ak etablisman yo pou travayè, kliyan, ak piblik la, apati madi 24 mas jiska 4 me. Yo ankouraje biznis sa yo kontinye fonksyone a distans.

Pou biznis ki touche grasa Kowonaviris, nou rekòmande w gade [Paj Resous pou Biznis](#) nou an pou w jwenn yon seri resous ki ka abòde enkyetid anpil diferan kalite biznis ka genyen. Pami lòt, gen lyen ki gen enfòmasyon sou prete lajan, sòlve fon, ak sibvansyonman bous, epi gen anons sou Lwa "Congressional CARES" yo fèk sot pase a. Al gade paj la toutan paske yo fè mizajou ladan l souvan.

Gen restoran nan Malden ki kontinye rèt ouvè pou moun vin pran manje pou y ale oswa ki fè livrezon manje. Pou w jwenn yo ak stati yo, gade paj nou an ki gen mizajou regilyèman avèk enfòmasyon sou stati restoran yo ak lòt biznis yo.


Pote w Volontè Pandan COVID-19

Anpil abitan te mande ki jan yo ka pote yo volontè. Nou pa sezi sa, paske bèl vil nou an vrèman sipòtan e gen ANPIL efò k ap fèt atravè vil la.

Pou kounye a, n ap refere abitan ki ta renmen pote yo volontè yo nan [Malden Neighbors Helping Neighbors](#) (Moun Malden Ede Pwochen yo) ki fè pati yon pi gwo gwoup Èd Mityèl ki nan zòn nan.

Pou abitan ki nan bezwen, yo ka fè demann nan [Malden Neighbors Helping Neighbors](#) oswa yo ka rele nan **339-224-4842**.

Tanpri, Sonje Pran Prekosyon sa yo



Si w Malad oswa w Panse w Gendwa gen Senptòm

1. Itilize [Verifikasyon Senptòm Anliy BuoyHealth](#) la pou evalye senptòm ou genyen yo.
2. Suiv sijesyon verifikasyon senptòm nan ba w yo, oswa si w toujou pa sèten, kontakte etablisman ou konn jwenn swen an, sal ijans lan, oswa yon klinik sante. **Pa ale nan okenn nan etablisman sa yo san w pa rele yo davans pou yo ba w enstriksyon.**

Pou w Jwenn Plis Enfòmasyon sou COVID-19

Pou w jwenn fèy ransèyman nan plizyè lang, enfòmasyon sou sante mantal pandan pandemi an, konsèy pou byennèt, ak lòt enfòmasyon, [al gade paj fèy ransèyman Massachusetts Depatman Sante Piblik](#) la.